



PWOBLÈM TIMOUN YO NAN DOMÈN LEDIKASYON,  
LEDIKASYON, SE KLE  
JULIANA DESTIN , NSIII,  
 EGLISE EVANGELIQUE EMMAUS  
**PREMYE EDISYON KONKOU PWEZI**  
**TWAZYÈM LOREYA EGZEKO , SEGONDÈ**



*Ledikasyon se kle ki ka louvri tout pòt.  
Men, ta sanble nou kondane pou n ret sòt.  
Ledikasyon se kle pou chanjman yon nasyon.  
Konsa tou, li ka detwi l yon lòt fason.  
Sitou si l fèt nan move kondisyon.*

*Pa bò isit, ledikasyon pote dezespwa.  
Pou timoun, lekòl tounen yon kwa.  
Kou yo pa byen dispanse.  
Koz pa gen materyè pou timoun yo avanse.  
E, se sa k koz lespri yo limite.*

*Anba bri bal, n ap aprann.  
Vant mennen ap taye banda nan Ledikasyon n.  
Bon estrikti dirijan yo n ap tan.  
Elas! Ak konpetans n ap dodo sou kabann.*

*Tout kouch, an n bay Ledikasyon jarèt  
Pou valè nou yo pa disparèt nèt.  
Pou yon travay ann sispann fè jenn kwè nan kò l.  
Men, pou l chache konpetans pou l ka aprann met kòl*

